



# Depistaj Sentòm COVID-19

## pou Pwofesyonèl ak Anplwaye Swen Sante

[FloridaHealth.gov/COVID-19](https://FloridaHealth.gov/COVID-19) • Depatman Sante Florid



Si w ap travay nan yon etablisman swen enfimye, fwaye an gwooup oswa etablisman rezidans asiste, CDC rekòmande pou siveye tèt ou regilyèman pou sentòm COVID-19 yo:

**Sentòm kouran yo: tous ak souf kout.**

Lòt sentòm yo: **lafyèv, frison, tranbleman, doulè nan misk, maltèt, malgòj, ak vin pa ka pran gou oswa pran sant.**

Rapòte nenpòt sentòm bay sipèvizè ou epi:

**SI OU LAKAY OU, pa vin nan travay.**

**SI OU NAN TRAVAY, kenbe figi ou kouvri avèk yon mask, ale touswit epi izole tèt ou oumenm.**

Rele founisè swen sante ou oswa depatman sante konte ou konsènan tès yo.  
Si tès ou pozitif, ou kapab retounen nan travay lè:

**3 JOU OMWEN FIN PASE, epi ou te san lafyèv san ou pa pran medikaman pou bese lafyèv, epi tous ak souf kout ou an amelyore.**

**10 JOU OMWEN FIN PASE depi sentòm ou yo te parèt pou premye fwa.**

**Si ou gen tès pozitif epi ou pa gen okenn sentòm, ou ka pwopaje COVID-19 kanmenm. Izole tèt ou oumenm pandan 10 jou.**